

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa naon-naon anu dipaké pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Desain ieu panalungtikan nyoko kana panalungtikan kualitatif maké metode déskriptif. penelitian kualitatif nya éta penelitian anu ngagunakeun analisis jeung sifatna déskriptif.


Patali jeung pamarekan kualitatif, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif mangrupa métode anu ngajelaskeun, ngadéskripsikeun, sarta nganalilis hiji pasualan. Dina ieu kasus anu bakal didéskripsikeun jeung dianalisis nya éta kasalahan morfologis anu ngawengku kasalahan ngalarapkeun kecap rundayan, kasalahan ngalarapkeun kecap kantétan, jeung kasalahan ngalarapkeun kecap rajékan dina pangajaran nulis téks biantara siswa IX SMP Pasundan 4 Bandung.

Saluyu jeung pamarekan kualitatif katut métode déskriptif, galur panalungtikan ngawéngku léngkah-léngkah: (a) ngarumuskeun masalah anu patali jeung kasalahan morfologis, (b) ngumpulkeun data maké instrumén, (c) ngolah data kucara nganalisis kasalahan morfologis nu aya dina téks biantara, (d) déskripsi data, jeung (e) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré titénan bagan 3.1 ngeunaan desain ieu panalungtikan.

Dina tahap kahiji, panalungtik ngarumuskeun heula masalah nu rék ditalugtik nya éta kasalahan morfologis anu ngawengku, kasalahan dina ngalarapkeun wangun kecap rundayan, wangun kecap kantétan jeung wangun kecap rajékan. Tuluy, dina tahap kadua panalungtik nangtukeun sumber data. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung. Tahap satuluyna nya éta ngumpulkeun data. Dina tahap ieu, panalungtik maké instrumén soal tés jeung kartu data pikeun ngumpulkeun data. Data nu dikumpulkeun nya éta téks biantara hasil nulis siswa. Tahap satuluyna nya éta analisis jeung déskripsi data. Dina tahap ieu panalungtik nganalisis data nu geus diasupkeun dina kartu data, tuluy éta data téh didéskripsikeun lebah mana

kasalahanana, jeung dipasing-pasing dumasar warna kasalahanana. Tahap pamungkas panalungtik nyieun kacindekan tina hasil panalungtikanana.

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta kecap nu ngalaman kasalahan morfologis dina karangan téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015. Ari sumber data dina ieu panalungtikan nya éta karangan téks biantara siswa kelas IX-A, IX-C, IX-D SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2014/2015. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data dina panalungtikan nya éta subjék timana data bisa dikumpulkeun. Tilu kelas éta téh tuluy ditén nulis téks biantara. Tepi ka kumpulkeun 107 karangan téks biantara.

## 3.2 Ngumpulkeun data

### 3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih lengkep jeung sistematis nepi ka gampang diolah (Arikunto, 2013, kc. 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta soal tés jeung kartu data. Instrumen soal tés dipaké pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa téks biantara, sedengkeun kartu data dipaké pikeun ngasupkeun data kasalahan morfologis nu kapanggih dina téks biantara hasil nulis siswa IX SMP Pasundan 4 Bandung taun ajar 2014/2015.

Tés atawa pancén anu dibikeun ka siswa contona bisa dititénan ieu dihandap.

Pancén!  
Pék jieun téks biantara, témana bébas!

Dina ngumpulkeun data kasalahan morfologis tina téks biantara digunakeun kartu data. Kartu data bisa dititénan di handap.

**KARTU DATA**  
Kode siswa :  
Kalimahna : .....  
Kecap nu teu luyu:.....  
Kuduna :.....  
Warna kasalahan:.....

Data kasalahan morfologis anu kapanggih dina téks biantara diasupkeun kana kartu data. Kecap anu geus dicirian dibéré kode. Éta kode téh eusina nya éta (1) nomor karangan siswa, (2) alinéa tempat kasalahan, jeung (3) kalimah tempat kasalahan. Contona: (TB.11/2/3) anu hartina dina téks biantara nomor 11, alinéa 2 kalimah ka 3.

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés jeung dokuméntasi. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung. Ari téhnik dokumentasi dipaké pikeun ngumpulkeun data kasalahan morfologis dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung. Léngkah-léngkah nu dilakukeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data téh nya éta:

- 1) ménta idin ka guru kelas pikeun ngayakeun tés nulis téks biantara;
- 2) ngumpulkeun téks biantara ti siswa;
- 3) nyirian kasalahan morfologis nu aya dina téks biantara; jeung
- 4) nyalin kasalahan morfologis kana kartu data.

### **3.3 Analisis Data**

Sanggeus data nu rék ditalungtik geus kakumpul, éta data téh diolah sangkan bisa dicindekeun. Aya sawatara léngkah dina nganalisis ieu data, nya éta:

- 1) maca deui data kasalahan nu geus disalin dina kartu data;
- 2) ngaruntuykeun kasalahan morfologis sacara alfabetis;
- 3) nyieun papasingan kasalahan morfologis, dumasar warna kasalahan (ngararangkéan, ngarajék, jeung ngantétkeun);
- 4) nganalisis jeung ngadéskripsikeun data kasalahan morfologis dumasar warna kasalahanana;
- 5) ngitung frékuénsi katut persentase kasalahan morfologis dumasar warna kasalahanana; jeung
- 6) nyieun kacindekan tina data kasalahan morfologis.